



Social Security

Nimewo Ak Kat Sekirite Sosyal Ou



A large, stylized graphic in the background features a series of blue and orange curved lines and stars, resembling a rising sun or a trail, set against a dark blue background.

www.socialsecurity.gov

Nimewo Ak Kat Sekirite Sosyal Ou

Yon nimewo Sekirite Sosyal enpòtan paske ou bezwen li pou jwenn djòb, pou ou kapab resevwa benefis Sekirite Sosyal, epi pou resevwa kèk lòt sèvis gouvènman. Anpil lòt biznis tankou bank ak konpayi kredi ap mande ou nimewo ou tou.

Si ou pa yon sitwayen ameriken men ou ap viv Ozetazini, ou bezwen yon nimewo Sekirite Sosyal tou. Pou plis enfòmasyon, li *Nimewo Sekirite Sosyal Pou Moun Ki Pa Sitwayen Ameriken* (Piblikasyon Nimewo 05-10096-HC). Si ou Ozetazini pou ou travay pandan yon ti vale tan sèlman, li *Travayè Etranje Ak Nimewo Sekirite Sosyal* (Piblikasyon Nimewo 05-10107-HC).

Kouman pou mwen jwenn yon nimewo ak yon kat?

Pou aplike pou yon Nimewo ak yon kat Sekirite Sosyal:

- Ranpli yon Fòm *Aplikasyon Pou yon Kat Sekirite Sosyal* (Fòm SS-5-HC); epi
- Montre nou dokiman orijinal ou oswa kopi ki sètifye ki sòti nan biwo ki founi dokiman yo, pou ou ka pwouve:
 - Kondisyon sitwayènte ameriken ou oswa kondisyon imigrasyon ou (pèmisyon Department of Homeland Security, [DHS], ba ou pou travay Ozetazini);
 - Laj ou; ak
 - Idantite ou.

Apre sa, pote fòm aplikasyon ou ranpli a, ansanm ak dokiman ou yo, nan biwo Sekirite Sosyal ki toupre ou oswa voye yo pa lapòs.

Kondisyon sitwayènte oswa kondisyon

imigrasyon: Nou ka aksepte sèlman yon kategori dokiman kòm prèv sitwayènte ameriken ou. Pami dokiman sa yo genyen: Batistè ameriken, rapò nesans konsila ameriken nan peyi ou fèt la, paspò ameriken, Sètifika Natiralizasyon oswa Sètifika Sitwayènte. Si ou pa yon sitwayen ameriken, Sekirite Sosyal ap mande pou wè dokiman imigrasyon Etazini ou genyen. Pami dokiman ki akseptab yo, genyen:

- Fòm I-551 (oswa viza ameriken imigran (viza rezidans) ki nan paspò etranje ou ki pokò ekspire ki ka verifye nan aparèy ki fèt pou sa);
- Fòm I-94 ansanm avèk paspò etranje ou ki pokò ekspire; oswa
- Kat pèmi travay ki sòti nan Department of Homeland Security (I-766 oswa I-688B).

Etidyan entènasyonal yo dwe prezante lòt dokiman. Pou plis enfòmasyon, li *Etidyan Entènasyonal Ak Nimewo Sekirite Sosyal* (Piblikasyon Nimewo 05-10181-HC).

Laj: Ou dwe prezante batistè ou si ou genyen li oswa si ou ka jwenn li san pwoblèm. Si non, nou ka konsidere lòt dokiman, tankou paspò ou, pou pwouve laj ou.

Idantite: Nou ka aksepte sèlman kèk dokiman kòm prèv idantite. Yon dokiman ke nou ka aksepte dwe pou li pokò ekspire, epi tou li dwe montre non ou, enfòmasyon sou idantite ou epi nou pito ke dokiman an gen yon foto ki resan. Sekirite Sosyal ap mande pou

wè yon pèmi kondui (lisans) ameriken, yon kat idantite leta ba ou men ki pa pou kondui, oswa yon paspò ameriken kòm prèv idantite. Si ou pa gen dokiman espesifik nou mande yo, n ap mande ou pou wè lòt dokiman, tankou:

- Kat Idantifikasiyon Travay;
- Kat Idantifikasiyon Lekòl;
- Sètifikasi Maryaj;
- Kat Asirans-Maladi (pa yon kat Medicare);
- Kat idantite Lame Ameriken
- Jijman adopsyon; oswa
- Kontra asirans-vi ou.

Tout dokiman yo dwe swa orijinal oswa kopi ki sètifye nan biwo ki founi dokiman yo. Nou pa ka aksepte fotokopi oswa kopi dokiman ki notarye. Nou ka itilize yon dokiman pou de (2) rezon. Pa egzanp, nou ka itilize paspò ameriken ou kòm prèv sitwayènte ak idantite ou. Oswa, nou ka itilize batistè ameriken ou kòm prèv laj ak sitwayènte ou. ***Men tou, ou dwe prezante omwen de (2) dokiman apa.***

N ap voye nimewo ou ak kat la ba ou pa lapòs imedyatman nou jwenn tout enfòmasyon yo, ak lè nou verifye dokiman yo nan biwo ki founi yo.

Kisa sa koute?

Ou pa gen pou peye anyen pou yon nimewo ak yon kat Sekirite Sosyal. Si yon moun kontakte ou epi li vle fè ou peye pou ou jwenn yon nimewo oswa yon kat, oswa pou nenpòt ki lòt sèvis Sekirite Sosyal, tanpri sonje sèvis Sosyal Sekirite yo gratis. Ou ka denonse

nenpòt moun k ap eseye fè ou peye depi ou rele nan liy dirèk Biwo Enspektè Jeneral nan nimewo **1-800-269-0271**.

Èske gen diferan kalite kat?

Nou bay twa (3) kalite kat Sekirite Sosyal. Tout kat yo montre non ou ak nimewo Sekirite Sosyal la.

- Premye kalite kat la montre non ou ak nimewo Sekirite Sosyal la, epi li pèmèt ou travay san restriksyon. Nou bay kat sa a pou:
 - Sitwayen ameriken; ak
 - Moun yo aksepte legalman Ozetazini sou yon baz pèmanan (moun ki gen rezidans).
- Dezyèm kalite kat la montre non ou ak nimewo a, epi li gen yon nòt ki ekri sou li, ki di, “VALID FOR WORK ONLY WITH DHS AUTHORIZATION” (VALAB POU TRAVAY SÈLMAN AVÈK OTORIZASYON DHS). Nou bay kat sa a pou moun ke yo aksepte Ozetazini sou yon baz tanporè epi ki gen otorizasyon DHS pou travay (moun ki gen pèmi travay).
- Twazyèm kalite kat la montre non ou ak nimewo a epi li gen youn nòt ki ekri sou li ki di, “NOT VALID FOR EMPLOYMENT” (PA VALAB POU TRAVAY). Nou bay kalite kat sa a pou moun lòt peyi ke:
 - Yo admèt legalman Ozetazini san otorizasyon pou travay DHS, men ki gen yon rezon valab pou li bezwen yon nimewo Sekirite Sosyal ki pa pou travay; oswa

— Ki bezwen yon nimewo akòz yon lwa federal ki bezwen yon nimewo Sekirite Sosyal pou jwenn yon avantaj oswa yon sèvis.

Kouman mwen ka fè ptit mwen jwenn yon Nimewo Sekirite Sosyal?

Se yon bon lide pou fè ptit ou jwenn yon nimewo lè li fèt. Ou ka aplike pou yon nimewo Sekirite Sosyal pou tibebe ou nan moman ou aplike pou batistè li. Biwo leta ki fè batistè yo ap fè nou jwenn enfòmasyon nou bezwen sou ptit ou pou nou sa fè kat li. N ap voye kat Sekirite Sosyal la ba ou pa lapòs.

Oswa, ou ka tann pou aplike nan nenpòt biwo Sekirite Sosyal. Si ou rete tann, ou dwe bay prèv laj, idantite ak kondisyon sitwayènte ameriken ptit ou, epitou ou dwe bay prèv idantite pa ou. Nan ka sila a, nou dwe verifye batistè ptit ou. Verifikasyon sa a ap pran ozanviron 12 semèn avan nou ka bay ptit ou kat li. Pou verifye yon batistè, Sekirite Sosyal ap gen pou kontakte biwo ki fè batistè yo.

Nenpòt moun ki gen 12 zan laj oswa ki gen depase 12 zan laj k-ap fè demann pou yon nimewo ak yon kat orijinal Sekirite Sosyal dwe prezante pèsonèlman pou yon antrevi nan yon biwo Sekirite Sosyal., menm si se yon paran oswa yon responsab k ap siyen fòm aplikasyon an sou non timoun nan.

Adopsyon: Nou ka bay yon nimewo pou ptit ke ou adopte anvan adopsyon an fini, men ou ka tann si ou vle. Apre sa, ou ka aplike pou nimewo a, avèk nouvo non ou bay ptit ou adopte a. Si ou vle reklame ptit ou pou taks pandan adopsyon

an toujou, annatandan, ou dwe kontakte Internal Revenue Service (IRS) pou Fòm W-7A, *Application for Taxpayer Identification Number for Pending U.S. Adoptions (Aplikasyon Pou Nimewo Idantifikasiyon Kontribiyab Pou Demach Adopsyon Ozetazini)*. Pou plis enfòmasyon, li *Nimewo Sekirite Sosyal Pou Timoun* (Piblikasyon Nimewo 05-10023-HC).

Kisa k ap pase si non mwen chanje?

Si ou chanje non ou legalman akòz maryaj, divòs, desizyon tribunal oswa nenpòt lòt rezon, ou dwe fè Sekirite Sosyal konnen sa pou ou kapab jwenn yon kat ranplasman sou nouvo non an. Si ou ap travay, se pou ou fè travay la konnen sa tou. Si ou pa fè nou konnen non ou chanje, sa kapab:

- Lakòz reta nan rambousman taks ou; epi
- Anpeche nou poste salè ou kòrèkteman nan dosye Sekirite Sosyal ou. Sa ka diminye kantite lajan benefis Sekirite Sosyal ou alavni.

Si ou bezwen chanje non ou sou kat Sekirite Sosyal ou, ou dwe montre nou yon dokiman ki fèk sòti kòm prèv ke ou chanje non ou legalman. Pami dokiman Sekirite Sosyal ka akspete pou pwouve ke ou chanje non ou legalman genyen:

- Sètifika Maryaj;
- Jijman divòs;
- Sètifika Natirализasyon ki montre yon nouvo non; oswa
- Lòd tribunal pou ou chanje non ou.

Si dokiman ou bay pou montre prèv ke non ou chanje legalman, pa gen ase enfòmasyon pou idantifye ou, oubyen ou te chanje non ou plis ke de (2) lane pase, ou dwe montre Sekirite Sosyal adisyonèl dokiman.

Maryaj, divos, ou anilasyon : An plis dokiman legal sa ki ap montre prev maryaj ou, divòs ou oswa anilasyon mariaj, ou dwe founi dokiman pou idantifye ou. Dokiman sa yo dwe montre ansyen non ou ansanm avèk lòt enfòmasyon ki idantifye ou oswa on foto ki resan. (Nou ka aksepte yon dokiman ki ekspire kòm evidans pou ansyen non ou.)

Adopsyon, natiralizasyon ou lòt non chanjman: An plis dokiman legal sa ki ap montre nouvo non ou, pa egzanp, on lòd tribunal , dekrè adopsyon ou Sètifika Natiralizasyon, ou dwe banou de (2) dokiman pou idantifye ou ki avek tou:

- Yon dokiman nan non ou te genyen anvan an (ki kapab ekspire); epi
- Yon dezyèm dokiman ki gen nouvo non legal ou, ki dwe resan (pa ekspire).

Toulede dokiman sa yo dwe gen enfòmasyon ki pou idantifye ou osnon yon foto ki resan.

Sitwayènte : Si ou se yon sitwayen ameriken ki fèt nan yon peyi ki pa Etazini, epi dosye ou yo pa montre ke ou se yon sitwayen ameriken, ap bezwen bay prèv sitwayènte kòm prèv ke ou se ameriken. Si ou pa yon sitwayen ameriken, Sekirite Sosyal ap mande pou wè dokiman imigrasyon Etazini ki resan ou genyen.

Nouvo kat la ap genyen menm nimewo ak kat ou te genyen anvan an, men lap montre ke non ou chanje.

Kouman pou m fè pou mwen asire mwen ke dosye mwen yo kòrèk?

Chak ane travay ou voye yon kopi fòm W-2 ou (*Wage and Tax Statement—Deklarasyon Salè ak Taks*) nan Sekirite Sosyal. Nou konpare non ou ak nimewo Sekirite Sosyal ou ki sou fòm W-2 a avèk enfòmasyon ki nan dosye pa nou. Nou ajoute salè ki parèt nan fòm W-2 ou ak sa ki nan dosye Sekirite Sosyal ou.

Li trè enpòtan pou non ou ak nimewo Sekirite Sosyal ou koresponn avèk dosye salè ou touche nan travay ou ansanm ak fòm W-2 ou, pou nou kapab ba ou kredi pou salè ou nan dosye ou. Se ou menm ki dwe asire dosye Sekirite Sosyal ou ak dosye salè ou touche nan travay ou kòrèk. Si kat Sekirite Sosyal ou pa kòrèk, kontakte nenpòt biwo Sekirite Sosyal pou fè chanjman yo. Tcheke fòm W-2 ou pou asire ou ke dosye travay ou kòrèk, epitou, si li pa ta kòrèk, bay travay ou enfòmasyon ki kòrèk yo.

Si ou se yon travayè ki gen vennsekan (25) oswa pi plis epi ou ap resevwa benefis Sekirite Sosyal, ou ap resevwa yon *Social Security Statement (Etadkont Sekirite Sosyal)* chak ane. *Etadkont*-sa a ap prezante yon rezime salè ou. Revize *Etadkont*-sa a pou asire ou ke tout salè ou touche yo parèt ladan li. Si *Etakont* ou pa gen tout salè ou, fè travay ou ak biwo Sekirite Sosyal konnen nenpòt enfòmasyon ki pa kòrèk.

Kisa k-ap pase si kondisyon imigrasyon mwen oswa sitwayènte mwen chanje?

Si kondisyon imigrasyon ou chanje oswa si ou vin yon sitwayen ameriken, ou ta dwe fè Sekirite Sosyal konnen sa, pou yo ka fè koreksyon nan dosye ou yo. Pou kondisyon imigrasyon oswa sitwayènte ou korije, ou dwe montre dokiman ki pwouve nouvo kondisyon ou, oswa sitwayènte ou. Nou ka sèlman aksepte yon kategori dokiman kòm prèv sitwayènte ou pou nouvo kat la oswa kat ranplasman yo. Pami dokiman sa yo, genyen paspò ameriken, yon Sètifika Natirализаyon oswa yon Sètifika Sitwayènte. Si ou pa yon sitwayen ameriken, Sekirite Sosyal ap mande pou wè dokiman imigrasyon Etazini ou genyen.

Kisa k-ap pase si kat mwen pèdi oswa si yo vòlè li?

Ou ka ranphase kat ou oswa kat pitit ou gratis si li pèdi oswa si yo vòlè li. Sepandan ou limite pou ou ranphase twa (3) kat pa ane, epi ou ka ranphase 10 kat pandan tout lavi ou. Chanjman legal non ou ansanm avèk kèk lòt eksepsyon pa konte nan limit sa yo. Pa egzanp, chanjman nan kondisyon ou lè ou pa yon sitwayen, ki mande ke ou fè koreksyon kat ou, gen dwa pa konte nan limit sa yo. Epitou, limit sa yo ka pa rive afekte ou si ou ka pwouve ou bezwen kat la pou ou pa sibi gwo difilkilte.

Pou jwenn yon kat ranplasman, ou ap bezwen:

- Ranpli yon Fòm *Aplikasyon Pou Yon Kat Sekirite Sosyal* (Fòm SS-5-HC);
- Prezante yon dokiman ki fèk sòti pou montre idantite ou;

- Montre prèv sitwayènte ameriken ou si ou te fêt nan yon peyi ki pa Etazini epi si ou pat montre prèv sitwayènte deja; epi
- Montre prèv ke ou legal si ou pa yon sitwayen ameriken.

Kat ou ranplase-a ap gen menm non ak menm nimewo ak kat ou te genyen avan an.

Kouman mwen ka pwoteje nimewo Sekirite Sosyal mwen?

Ou ta dwe trete nimewo Sekirite Sosyal ou kòm yon enfòmasyon ki konfidansyèl epi ou pa ta dwe bay li san nesesite. Ou ta dwe konsève kat Sekirite Sosyal ou yon kote ki pwoteje, ansanm avèk lòt dokiman enpòtan ou genyen. Pa mache avèk li sou ou si ou pa bezwen montre li nan yon travay oswa yon founisè sèvis.

Nou fè plizyè bagay pou pwoteje nimewo ou kont move itilizasyon. Pa egzamp, nou egzije ke moun k-ap aplike pou ranplase kat Sekirite Sosyal li ki pèdi oswa ke yo volè, oswa k-ap aplike pou korije kat li, montre nou bon prèv idantite, epi nou enspekte prèv yo. Yon rezon nou fè sa se pou pa kite moun jwenn nimewo Sekirite Sosyal nan fwod pou yo kreye fo idantite. Nou kembe enfòmasyon ou ki nan dosye Sekirite Sosyal prive, sof si:

- Lalwa egzije nou pou nou bay enfòmasyon ou bay lòt biwo gouvènman; oswa
- Enfòmasyon ou yo nesesè pou mennen biznis Sekirite Sosyal oswa biznis lòt pwogram sante oswa pwogram asistans sosyal gouvènman.

Ou ta dwe pran anpil prekosyon lè ou ap bay nimewo ou ak kat ou pou pwoteje tèt ou kont move itilizasyon ki ka fêt avèk nimewo ou.

Ou lib pou bay oswa pa bay nimewo ou menm lè yo mande ou nimewo-a dirèkteman. Si yo mande ou nimewo-a, ou ta dwe mande:

- Pou kisa nimewo ou nesesè;
- Kisa ki pral fèt ak nimewo ou;
- Kisa k-ap pase si ou refize bay nimewo a; epi
- Ki lwa ki egzije pou ou bay nimewo ou.

Repons pou kesyon sa yo ka ede ou deside si ou vle oswa si ou pa vle bay nimewo Sekirite Sosyal ou. Desizyon a se nan men ou li ye.

Kontakte Sekirite Sosyal

Pou plis enfòmasyon epi pou jwenn kopi piblikasyon nou yo, vizite wèbsayt nou nan www.socialsecurity.gov oswa rele gratis nan nimewo telefòn **1-800-772-1213** (pou moun ki pa tande oswa ki tande di, rele nan nimewo TTY nou a, **1-800-325-0778**). Nou trete tout apèl yo avèk konfidansyalite. Nou ka reponn kesyon espesifik yo, nan lè 7 dimaten jiska 7 diswa, lendi pou vandredi. Nou kapab jwenn yon entèprèt pou w gratis ki pral pran telefòn la oswa ki kapab vini nan biwo lokal nou. Nou bay enfòmasyon tou nan yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou.

Nou vle asire tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwole kèk apèl telefonik.



Social Security Administration
SSA Publication No. 05-10002-HC
Your Social Security Number
And Card (Haitian-Creole)
April 2008